

Salah sahiji widang kajian basa anu rék ditalungtik nya éta ngeunaan pragmatik. Pragmatik mangrupa ulikan basa anu matalikeun adegan basa jeung makéna basa. Dina pragmatik dipaluruh ngeunaan bagbagan makéna basa keur kaperluan anu tangtu dina hiji situasi, kumaha patalina antara basa jeung kontéks makéna, atawa kumaha carana milih kalimah anu keuna tur luyu jeung pangabutuh anu makéna. Dina ieu panalungtikan, ulikan pragmatis jeung sintaksis rék dijadikeun péso analisa pikeun médar salah sahiji wangun kalimah, nya éta kalimah wawaran (*déklaratif*). Kalimah wawaran nya éta kalimah anu basana dipaké ngawawarkeun, ngabéjaan, atawa méré katerangan inpormasi ka nu lian, tur miharep réspónsi anu mangrupa panitén wungkul, mun dina basa tinulis mah biasa ditungtungan ku tanda peun (.).

Kalimah wawaran biasa dipaké ku urang dina kahirupan sapopoé, anu patalina dina prosés komunikasi, boh komunikasi sacara lisan atawa sacara tinulis. Kalimah wawaran dina hiji wacana, boh wacana lisan atawa wacana tinulis bisa dijadikeun bahan ajar di sakola. Beuki lobana kalimah wawaran nu ku urang cangkem, bisa mangaruhan kana kaparigelan basa urang, nya éta bisa nambahan kaparigelan basa dina nulis jeung nyarita. Ku sabab di jero kalimah wawaran eusi ku rupa-rupa inpormasi, nu bisa nambahan kana pangaweruh urang.

Wacana nu baris dianalisis dina panalungtikan ieu nya éta mangrupa kumpulan biantara nu aya dina buku *Biantara Basa Sunda*. Dina biantara urang sakapeung sok kawatesanan ku pangaweruh urang, kurangna kabeungharan kecap nu ku urang cangkem. Sakumaha hasil pangalaman sim

kuring nalika PLP di kelas X SMK Pasundan 3 Bandung, pangaweruh jeung kabeungharan kecap siswa masih kurang jeung kawatesanan. Ku kituna sangkan dina biantara, dina nyaritana lancar, beunghar ku pangaweruh, urang kudu loba maca, néangan inpormasi saloba-lobana.

Panalungtik miharep, hasil tina panalungtikan ieu anu mangrupa data-data kalimah wawaran bisa jadi bahan ajar nyarita hususna di SMA, saluyu jeung SK-KD pikeun SMA kelas X nu aya dina KTSP 2006, nya éta Standar Kompetensi (SK): 10.2 Mampuh ngébréhkeun pikiran, rarasaan, jeung kahayang sacara lisan dina nyaritakeun pangalaman, biantara, ngadongéng, sawala kelompok, jeung guneman dina rupa-rupa situasi. Kompetensi Dasar (KD): 10.2.2 Biantara.

Panalungtikan ngeunaan ulikan pragmatis-sintaksis kalimah wawaran saparantosna dipaluruh, di jurusan Pendidikan Bahasa Daérah teu acan aya nu nalungtik, hususna dina buku *Biantara Basa Sunda* karangan Tatang Sumarsono. Nu kantos aya ogé ngeunaan kalimah wawaran jembar, numutkeun ulikan *sintaksis* wungkul, nu judulna nya éta *Kalimah Wawaran Jembar dina Novel Pangantén Karangan Deden Abdul Aziz*, taun 2007 ku Eulis Nining Supenti. Aya ogé nu nalungtik ngeunaan ulikan pragmatis kalimah, saparantosna dipaluruh téh aya dua nya éta *Adegan Pragmatis Kalimah Paréntah dina Kumpulan Carpon Dukun Lepus* karangan Ahmad Bakri, taun 2008 ku Aryani Purbasari, jeung *Adegan Pragmatis Kalimah Pananya dina Kumpulan Carpon Ajalna Sang Béntang Pilem* karangan Duduh Durahman, taun 2008 ku Irma Dewi Kharisma.

Dumasar kana pasualan di luhur ngeunaan ulikan pragmatik-sintaksis kalimah wawaran, kalayan judul “**Kalimah Wawaran dina Buku *Biantara Basa Sunda* Karangan Tatang Sumarsono pikeun Bahan Ajar Nyarita di SMA**”, perlu ditalungtik.

1.2 WATESAN JEUNG RUMUSAN MASALAH

1.2.1 Watesan Masalah

Kalimah mangrupa salah sahiji ulikan tina sintaksis. Papasingan kalimah téh rupa-rupa, aya nu dumasar kana aya henteuna klausa pangwangunna, dumasar lengkep henteuna klausa pangwangunna, jeung aya ogé nu dumasar jumlah jeung warna klausa pangwangunna. Papasingan kalimah ogé aya nu dumasar kana fungsina, nya éta kalimah wawaran, kalimah pananya, kalimah paréntah, jeung kalimah panyeluk.

Ku sabab ambahan kalimah téh kacida legana, dina ieu panalungtikan baris diwatesanan nya éta rék maluruh kalimah wawaran wungkul, nu aya di buku *Biantara Basa Sunda* karangan Tatang Sumarsono. Kalimah wawaran dina ieu panalungtikan rék dianalisis sacara pragmatis-sintaksis, nu ngawengku adegan, ma'na pragmatis jeung tahapan pragmatis. Nu engkéna hasil tina panalungtikan ieu, nu mangrupa data-data kalimah wawaran tina buku *Biantara Basa Sunda* rék dijadikeun bahan ajar nyarita di SMA.

1.2.2 Rumusan Masalah

Masalah-masalah anu baris ditalungtik bisa dirumuskeun dina wangun pananya di handap.

- 1) Kalimah wawaran naon waé nu kapanggih dina buku *Biantara Basa Sunda* karangan Tatang Sumarsono?
- 2) Kumaha waé adegan kalimah wawaran nu aya dina buku *Biantara Basa Sunda*?
- 3) Naon waé ma'na pragmatis kalimah wawaran nu aya dina éta buku?
- 4) Kumaha waé tahapan pragmatis kalimah wawaran nu aya dina éta buku?
- 5) Kalimah wawaran mana waé nu bisa dijadikeun bahan ajar nyarita di SMA?

1.3 TUJUAN PANALUNGTIKAN

Patali jeung rumusan masalah di luhur, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadeskripsikeun:

- 1) Kalimah wawaran nu aya dina buku *Biantara Basa Sunda* karangan Tatang Sumarsono;
- 2) Adegan kalimah wawaran nu aya dina buku *Biantara Basa Sunda*;
- 3) Ma'na pragmatis kalimah wawaran nu aya dina éta buku;
- 4) Tahapan pragmatis kalimah wawaran nu aya dina éta buku;
- 5) Kalimah wawaran nu bisa dijadikeun bahan ajar nyarita di SMA.

1.4 MANGPAAT PANALUNGTIKAN

Mangpaat nu bisa dicokot tina ieu panalungtikan, boh keur nu nalungtikna sorangan atawa keur masarakat sacara umum, nya éta:

- 1) Bisa méré pangaweruh ngeunaan pragmatik kalimah wawaran;
- 2) Bisa nambahan pangaweruh ngeunaan kabasaan, hususna ngeunaan pragmatik kalimah wawaran;
- 3) Bisa jadi babandingan keur ngalakukeun panalungtikan kabasaan liana;
- 4) Data-data nu kakumpulkeun tina hasil panalungtikan bisa dijadikeun bahan pangajaran di sakola;
- 5) Bisa nambahan kabengharan kecap pikeun nu macana;
- 6) Bisa nambahan kaparigelan basa pikeun nu macana, hususna kaparigelan basa dina nulis jeung nyarita.

1.5 ANGGAPAN DASAR

Dina ieu panalungtikan miboga sababaraha anggapan dasar, nya éta:

- 1) Pragmatik maluruh bagbagan makéna basa keur kaperluan nu tangtu dina hiji situasi, kumaha patalina antara basa jeung kontéks makéna, atawa kumaha carana milih kalimah anu keuna tur luyu jeung pangabutuh nu makéna;
- 2) Sintaksis maluruh patalina unsur-unsur basa, maluruh patalina kecap nu hiji jeung kecap nu lainna;

- 3) Kalimah nya éta wangun gramatik maksimal nu mangrupa bagian pangleutikna nu miboga harti tina hiji wacana, nu diwatesanan ku randegan panjang nu miboga lentong pamungkas turun atawa naék;
- 4) Kalimah wawaran (*déklaratif*) nya éta kalimah anu fungsi utamana dipaké pikeun ngawawarkeun, nerangkeun, nétélakeun, ngabéjaan, atawa méré informasi. Dina basa tulisan sok ditungtungan ku tanda peun (.);
- 5) Biantara (Ind: *pidato*) nya éta nyarita di hareupeun jalma réa;
- 6) Dina buku *Biantara Basa Sunda* karangan Tatang Sumarsono, eusi wacanana diwangun ku sababaraha rupa kalimah, anu salah sahijina diwangun ku kalimah wawaran.

1.6 MÉTODE JEUNG TÉHNIK PANALUNGTIKAN

1.6.1 Méthode Panalungtikan

"Méthode nya éta cara anu puguh aturanana jeung dipikirkeun kalawan hadé pikeun ngahontal nu jadi pamaksadan" (KBBI, 1990: 580).

Méthode anu digunakeun dina hiji panalungtikan gedé pisan pangaruhna dina ngahontal tujuan panalungtikan. Méthode anu luyu pikeun ieu panalungtikan nyaéta méthode déskriptif. *Méthode déskriptif digunakeun pikeun ngungkulan jeung ngréngsékeun pasualan-pasualan aktual ku jalan ngumpulkeun data, nyusun papasingan, nganalisis, sarta nafsirkeun data* (Arikunto, 1993: 270).

1.6.2 Téhnik Panalungtikan

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik studi dokuméntasi jeung téhnik analisis téks. Téhnik studi dokuméntasi dipaké pikeun ngumpulkeun data, kalawan maké instrumén anu mangrupa kartu data. Sedengkeun téhnik analisis téks dipaké pikeun ngolah data.

1.7 SUMBER DATA

“Nu dimaksud sumber data dina panalungtikan nya éta ti mana asalna subjék data anu ditalungtik” (Arikunto, 2002:107). Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta tina buku *Biantara Basa Sunda* karangan Tatang Sumarsono. Buku ieu eusina mangrupa kumpulan biantara dina rupa-rupa acara, diantarana dina acara Pasanggih, Lawungan Kabudayaan, Kegiatankegiatan Kaagamaan, Kongrés Basa.

Milih buku *Biantara Basa Sunda* salaku sumber data dumasar kana sababaraha tinimbangan, diantarana nya éta: 1) dina buku ieu kapanggih rupa-rupa kalimah wawaran; 2) basa anu dipakéna alus jeung kaharti; 3) eusi bukuna euyeub ku rupa-rupa conto biantara; 4) luyu jeung kabutuhan panalungtikan pikeun néangan bahan ajar nyarita dina biantara.